



Avril 2017

Chè Sinyò New York City yo:

New York City Department for the Aging (DFTA), ak Biwo Majistra a toujou ap travay pou kenbe divèsite ak enklizyon ki se baz fondasyon New York City. Kèlkeswa kote ou fèt, kit w ap fè adorasyon oswa kijan ou decide fè l, oswa kèlkeswa moun ou renmen, DFTA ap kontinye ouvri bra l pou l resevwa w. Nou konnen byen se diferans nou ki fè fòs City nou an - ansanm ak Nasyon nou an.

Nou konnen genyen nan moun DFTA ap sèvi yo k ap poze tèt yo kesyon sou pwoteksyon sekre enfòmasyon yo sitou enfòmasyon sou stati imigrasyon yo. Men enfòmasyon k ap ede w konprann kijan DFTA mande epi itilize enfòmasyon sou stati imigrasyon.

Vil la gen politik djanm pou pwoteje sekre enfòmasyon ou yo. DFTA ansanm ak kontraktiyèl li yo pran angajman pou yo pwoteje enfòmasyon prive ou yo, tankou stati imigrasyon ou, nan jan lalwa ak politik DFTA yo mande sa.

Lè w ale nan yon Sant Sinyò oswa w ap chèche lòt sèvis pou sinyò, anplwaye pa gen dwa poze w kesyon sou stati imigrasyon ou sòfsi se pou evalye kalifikasyon ou pou resevwa avantaj sosyal. Se si w vle ou reponn kesyon sa.

Si w chwazi pataje stati imigrasyon ou pou mande sèten avantaj sosyal, enfòmasyon yo ka ale jwenn lòt ajans City a, kontraktiyèl Vil la ak gouvènman eta a ak federal la pou satisfè demann ou an.

Si w chwazi pa reponn kesyon sou stati imigrasyon, DFTA ak founisè yo ap toujou ede w jwenn sèvis ki pa bezwen stati imigrasyon ou.

Tout moun New York, san konsiderasyon stati imigrasyon, kapab kontinye benefisye sèvis DFTA ak City a. Rele 311 oswa ale sou nyc.gov/immigrants pou jwenn plis enfòmasyon nan Biwo Zafè Imigrasyon Majistra a.

Nou salye w,

A handwritten signature in black ink that reads "Donna Corrado".

Donna M. Corrado, PhD
Komisyònè
NYC Department for the Aging

A handwritten signature in black ink that reads "Nisha Agarwal".

Nisha Agarwal
Komisyònè
Biwo Zafè Imigran Majistra a